**दिन–बुधवार** **दिनांक–23.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भीषण चक्रवाती तूफान दाना काल्हि राति अथवा शुक्र दिन भोर तक ओडिशा के तटवर्ती क्षेत्र भितरकनिका आ धमरा के मध्य दस्तक दऽ सकैत अछि। एहि दरमियान एक सय सँ एक सय बीस किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ हवा चलत।

---

चक्रवाती तूफान दाना के प्रभाव सँ राज्यक पूर्वी भाग सहित कतेको जिला मे तेज हवा के संग हल्का सँ मध्यम वर्षा भऽ सकैत अछि। मौसम विभागक अनुसार भागलपुर, बांका, मुंगेर, शेखपुरा, जहानाबाद, नालंदा, लखीसराय, पूर्णिया, कटिहार, किशनगंज सहित सीमांचलक विभिन्न भाग मे आइ आ काल्हि वर्षा हेबाक संभावना अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे तुफानक असरि पूर्णियां मे देखल जा रहल अछि। एहि दरमियान मेघ लागल रहल। ओतहि कटिहार मे मूसलाधार वर्षा भऽ रहल अछि। एकर अलावे हल्का सँ मध्यम स्तर के वर्षा हेबाक संगहि मेघ गरजत आ तेज हवा चलत। विभाग तुफान के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि। लोकसभ के सलाह देल गेल अछि जे ओ सावधानी राखथि आ आपदा प्रबंधन द्वारा जारी निर्देशक पालन करथि।

---

राज्यक चारि विधानसभा क्षेत्र– तरारी, बेलागंज, इमामगंज आ रामगढ़ मे तेरह नवंबर के होबऽवला उपचुनाव के लऽकऽ नामांकन पत्र दाखिल करबाक काज तेज भऽ गेल अछि। निर्वाचन विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार एखन धरि एहि चारू सीट पर पंद्रह नामांकन पत्र दाखिल कयल गेल अछि। हमर गया संवाददाता जनौलनि जे आइ इमामगंज विधानसभा क्षेत्र सँ दू प्रत्याशी नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि। जखनकि बेलागंज विधानसभा क्षेत्र सँ चारि प्रत्याशी लोकनि नामांकन पर्चा भरलनि। एम्हर असदउद्दीन ओवैसी के पार्टी एआईएमआईएम चारू सीट पर अपन प्रत्याशी उतारबाक घोषणा कयलक अछि। जखनकि, ताजा घटना क्रम मे प्रशांत किशोर के पार्टी जनसुराज तरारी आ बेलागंज मे अपन प्रत्याशी बदलि देलनि अछि। आरा मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत प्रशांत किशोर कहलनि जे

भोजपुर के तरारी सँ किरण सिंह पार्टीक उम्मीदवार होयतीह। जखनकि गया के बेलागंज सँ मोहम्मद अमजद पार्टीक नव उम्मीदवार होयताह।

———————————————————————

निवार्चन आयोग अगिला उनतीस अक्टूबर सँ अट्ठाईस नवंबर धरि प्रदेशभरि मे विशेष संक्षिप्त पुनर्रीक्षण कार्यक्रम चलाओत। एहि दरमियान मतदाता निर्वाचक सूचि मे नाम जोड़ेबाक– हटेबाक, नाम, पता आ आन कोनो प्रकारक संशोधन के लेल आवेदन कऽ सकताह। राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी सोशल मीडिया पर ई जनतब साझा करैत जनौलनि जे दू नवंबर, तीन नवंबर, तेईस नवंबर आ चौबीस नवंबर के विशेष पुनर्रीक्षण शिविरक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे राज्य सरकार प्रदेशक विभिन्न भाग मे आधारभूत संरचना के मजगूत बनेबा पर जोर दऽ रहल अछि। श्री कुमार आइ सुपौल मे विभिन्न योजना सभक शिलान्यास आ उद्घाटन कऽ रहल छलाह। एहि दरमियान ओ भपटियाही मे उनतीस करोड़ नब्बे लाख के लागति सँ बनल रेल ओवर ब्रिज के उद्घाटन कयलनि। संगहि, मॉडल भपटियाही थानाक नव भवनक लोकार्पण आ सुपौल नगर परिषद क्षेत्र मे बाईस करोड़ आठ लाख के लागति सँ निर्मित स्टॉर्म वॉटर, ड्रेनेज सह पंप हाउस के उद्घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री जिलाक विभिन्न सड़कक चौड़ीकरण आ मजगूतीकरण काज सहित कतेको निर्माण काजक शिलान्यास सेहो कयलनि।

———————————————————————

जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे प्रदेशक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभक पुनर्विकासक काज शीघ्र शुरू कयल जायत। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे केन्द्रीय टीम बाढ़ि सँ क्षति के आकलन कयलक अछि ओ कहलनि जे हुनका विश्वास अछि जे टीमक रिपोर्ट के आधार पर केन्द्र सरकार बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभक लेल विशेष सहायता राशि जारी करत।

———————————————————————

शिक्षा मंत्री सुनील कुमार कहलनि अछि जे छठि के लऽकऽ प्रदेशक शिक्षक लोकनि के छुट्टी देल जयबाक प्रस्ताव पर विचार कयल जा रहल अछि। शिक्षा मंत्री कहलनि जे छुट्टी

के लऽकऽ शिक्षक संघ के दिस सँ अनुरोध पत्र भेटल अछि जाहि पर विचार कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

एगारह नवंबर सँ राजगीर मे आयोजित होबऽबला एशियन महिला हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी के लऽकऽ राज्य मे जारी ट्रॉफी गौरव यात्रा आइ बेगूसराय पहुँचल। जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक सहित जिला प्रशासन के विभिन्न अधिकारी लोकनि गांधी स्टेडियम मे गौरव यात्रा के स्वागत कयलनि।

———————————————————————

गोपालगंज के जिलाधीकारी प्रशांत कुमार सीएच आइ समाहरणालय परिसर मे मोबाईल पासपोर्ट कैम्प के उद्घाटन कयलनि। तीन दिन धरि चलऽबला एहि कैम्प मे लोकसभ सँ ऑनलाईन आवेदन लेल जायत।

सुपौल के अभियंत्रण महाविद्यालय मे राज्यक आर्थिक अपराध इकाई के दिस सँ साईबर सुरक्षा के लऽकऽ जागरूकता कार्यशालाक आयोजन कयल गेल।

पूर्वी चंपारण जिलाक सुगौली थाना क्षेत्रक पंजीयरबा पंचायतक वार्ड नंबर दस मे बिजली के तार टुटि के खसि गेला सँ आधा दर्जन सँ बेसी घर जरि कऽ छाउर भऽ गेल। जाहि मे लाखो टाकाक संपत्ति  नोकसान सेहो भऽ गेल अछि।

अररिया जिलाक जोकीहाट मे पुलिस एक ट्रक सँ चारि हजार दू सय पचहतरि लीटर शराब संग चालक के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त